



Pou Piblikasyon Imedya: 11/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO FINANSMAN POU SIPÒTE SÈVIS PREVANSYON ADIKSYON

Plis pase 2.9 milyon dola nan prim pwojè Prevansyon ak Entèvansyon Kominotè pral sipòte efò prevansyon pou kominote ak popilasyon ki pa jwenn ase sèvis yo

Anons lan kowenside ak obsèvasyon Semèn Prevansyon Nasyonal la

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse prim ki plis 2.9 milyon dola pou dis founisè atravè Eta a pou finance sèvis prevansyon pou popilasyon ki nan gwo bezwen yo nan kominote ki pa jwenn ase sèvis yo nan kad inisyativ "Prevansyon ak Entèvansyon Kominotè" (Community Prevention and Intervention) a. Sèvis sa yo konsantre sou enplemante yon apwòch konplè pou adrese itilizasyon sibstans, lè yo sipòte sèvis pou moun, fanmi yo ak kominote a an jeneral.

"Chak kominote nan New York te afekte pa epidemi opyoyid ak ovèdòz la", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Amelyore aksè ak resous ki sove lavi yo enpòtan anpil nan efò nou pou n ede Nouyòkè ki afekte nan adiksyon ak abòde kriz sa a, epi finansman sa a pral ede sove lavi epi sipòte kominote yo pandan n ap konbat epidemi sa a."

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York la, Chinazo Cunningham, te deklare, "Founisè prevansyon nou yo sèvi yon wòl enpòtan nan sistèm swen OASAS la lè yo ede adrese kèk nan kòz rasin adiksyon nan kominote yo atravè eta a, ansanm ak edike moun yo sou risk ki genyen nan itilizasyon sibstans. Inisyativ sa a pral pèmèt nou pi byen rive jwenn moun ki nan gwo risk nan kominote ki pa jwenn ase sèvis yo ak estrateji prevansyon ak edikasyon ki pwouve epi ki efikas."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Finansman sèvis prevansyon enpòtan sa yo pral benefisye anpil moun, fanmi, ak kominote yo, sa ki pral ba yo resous ki nesesè pou adrese itilizasyon sibstans. Mwen fyè dèske sa te rann posib gras ak sibvansyon global Siplemanntè SAPT la epi mwen fyè pou m sipòte angajman Gouvènè Hochul pran pou bay sèvis prevansyon ki nesesè pou popilasyon ki nan gwo bezwen yo."

Anons sa a kowenside ak Semèn Prevansyon Nasyonal Administrasyon pou Abi Sibstans ak Sèvis Sante Mantal la, yon obsèvasyon anyèl ki fèt pou ogmante

sansibilizasyon sou prevansyon move itilizasyon sibstans, ak enpòtans sante mantal pozitif. Vizite [sitwèb Semèn Prevansyon Nasyonal](#) la pou plis enfòmasyon sou obsèvasyon sa a, epi [sitwèb OASAS](#) la pou plis enfòmasyon sou sèvis prevansyon OASAS la.

Pwojè Prevansyon ak Entèvansyon Kominotè a fèt pou ede founisè yo etabli sèvis prevansyon ki baze sou prèv ki sible pou kominote ki pa jwenn ase sèvis yo ak popilasyon ki nan gwo risk yo, atravè patenarya kolaboratif pou abòde twou vid ki genyen nan sèvis yo. Popilasyon sa yo gen ladan moun ki enplike nan sistèm jistis kriminel la, moun ki idantifye kòm LGBTQI+, founisè lojman sipò pèmanan OASAS yo;abri pou sanzabri yo; swen adoptif, swen fanmi, oswa òganizasyon pou jèn ki pasajè; òganizasyon refijye ak imigran yo; òganizasyon tribi yo; biwo jèn lokal yo; òganizasyon sèvis veteran yo; ak lòt òganizasyon sèvis ki baze nan kominote a.

Eta New York te resevwa finansman pou inisyativ sa a nan kad sibvansyon global Siplemanntè SAPT Federal la. Men lis founisè ak montan prim yo:

Capital Region

- Council for Prevention (Konsèy pou Prevansyon) nan Washington/Konte Warren - 300,000 dola

NY Santral

- Farnham, Inc. - 300,000 dola

Mid-Hudson

- Cornell Cooperative Extension nan Konte Sullivan - 299,999 dola

Mohawk Valley

- Catholic Charities nan Konte Herkimer - 296,000 dola

Vil New York

- Riseboro Community Partnership - 300,000 DOLA
- United Activities Unlimited, Inc. - 300,000 dola
- Let's Talk SAFETY, Inc. - 300,000 dola

North Country

- Seaway Valley Prevention Council - 300,000 dola

Southern Tier

- CASA Trinity - 239,800 dola

Western NY

- Prevention Works, Inc. - 300,000 dola

Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif, ki gen plizyè branch pou rezoud epidemi dòz ekseksif la, epi li te kreye yon seri swen nasyonal pou adiksyon ak sèvis konplè prevansyon, tretman, retablisman ak rediksyon domaj. Eta a te travay pou agrandi aksè a sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entènè, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak medikaman pou tretman adiksyon, epi tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid nan Eta New York (NYS Heroin and Opioid Task Force) la ki, an 2016, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant retablisman yo, klèb lojman pou jèn yo, agrandi sèvis konpayon yo, ak sant aksè lib yo, k ap bay evalyasyon ak referans pou swen imedya. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou Eta a epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè nan swen ki pi pre kote y ap viv la.

Biwo Sèvis ak Sipò kont Adiksyon Eta New York la sipèvize youn nan pi gwo sistèm swen pou twoub itilizasyon sibstans nan peyi a avèk anviwon 1,700 pwogram prevansyon, tretman, ak rekipasyon k ap sèvi plis pase 731,000 moun chak ane. Sa gen ladan l operasyon dirèk 12 Sant Tretman kont Adiksyon kote doktè, enfimye ak anplwaye klinik nou yo bay anviwon 8,000 moun pa ane sèvis pou pasyan ki entènè ak sèvis rezidansyèl.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entènè yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè ou itilize Tablodò Disponibilite Tretman OASAS NYS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb OASAS NYS la](https://www.oasas.ny.gov).

Si oumenm, oswa yon pwòch ou, te eksperimante obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize, kontakte liy èd CHAMP an pa telefòn nan 888-614-5400 oswa pa imèl nan ombuds@oasas.ny.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)